**दिन– शनिवार** **दिनांक–07.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशक किसान लोकनिक कल्याणक लेल सरकारक प्रतिबद्धता व्यक्त कयलनि अछि। एनडीए सरकारक एगारह वर्ष पूरा हेबाक संदर्भ मे श्री मोदी कहलनि जे ई सरकारक लेल गौरवक विषय अछि जे ओ एहि अवधि मे देशक परिश्रमी किसान लोकनिक सेवा कयलनि।

---

भारत मे गरीबी रेखा सँ नीचाँ रहऽवला लोक सभक संख्या कम करबाक दिशा मे उल्लेखनीय सफलता भेटल अछि। दू हजार एगारह–बारह सँ दू हजार बाईस–तेईस के मध्य छब्बीस करोड़ नब्बे लाख लोक सभ बीपीएल सँ बाहर निकलि गेलाह अछि। विश्व बैंक के वर्तमान आकड़ा के अनुसार गरीबी के दर जतऽ दू हजार एगारह–बारह मे सत्ताईस दशमलव एक प्रतिशत छल ओतहि, आब ई दू हजार बाईस–तेईस मे घटि के पांच दशमलव तीन प्रतिशत रहि गेल अछि। देश मे दू हजार एगारह–बारह मे चौतीस करोड़ चौवालीस लाख सँ बेसी लोक गरीबी के हालत मे जी रहल छलाह आ दू हजार बाईस–तेईस मे हिनक संख्या तेजी सँ घटि कऽ लगभग सात करोड़ बावन लाख रहि गेल अछि। एहि दिशा मे विशेष प्रगति बिहार, उत्तर प्रदेश, मध्य प्रदेश, महाराष्ट्र आ पश्चिम बंगाल मे दर्ज कयल गेल अछि।

---

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतन राम मांझी कहलनि अछि जे बिहार विधानसभा चुनाव के लऽकऽ एनडीए के घटक दल सभक मध्य अगस्त मास धरि सीट सभक बंटवारा कऽ लेल जायत। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत श्री मांझी कहलनि जे एनडीए मे सीटक बंटवारा के लऽकऽ कोनो मतभेद नहि अछि। ओ कांग्रेस नेता राहुल गांधी के ओहि बयानक आलोचना कयलनि जाहि मे ओ बिहार के देशक अपराधक गढ़ कहने छलाह।

---

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी द्वारा एक दैनिक सामाचार पत्र मे लिखल गेल लेख के बाद आरोप– प्रत्यारोप शुरू भऽ गेल अछि। श्री गांधी अपन लेख मे दावा कयलनि अछि जे पछिला वर्ष महाराष्ट्र विधानसभा चुनाव मे व्यापक धांधली भेल छल। एहि पर अपन प्रतिक्रिया दैत भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे राहुल गांधी के लोकतंत्र मे कोनो विश्वास नहि अछि जाहि कारण ओ एहि तरहक बयान दैत रहलाह अछि। जदयूक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह कहलनि जे कांग्रेस पार्टी जखन चुनाव हारि जायत अछि तखन एहि तरहक बयानबाजी करैत अछि। एम्हर लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ केन्द्रीयमंत्री चिराग पासवान कहलनि जे आगामी बिहार विधानसभा चुनाव मे अपन हार सुनिश्चित देखि राहुल गांधी एहि तरहक बयान दऽ रहल छथि।

———————————————————————

सबौर स्थित बिहार कृषि विश्वविद्यालय के राष्ट्रीय मूल्यांकन आ प्रत्यायन परिषद, नैक द्वारा ए–ग्रेड प्राप्त भेल अछि। उप मुख्यमंत्री सह कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा ई जनतब दैत कहलनि जे ई मान्यता विश्वविद्यालय के उच्च शिक्षा, अनुसंधान, नवाचार आ राष्ट्र निर्माणक प्रति प्रतिबद्धता के परिणाम अछि।

———————————————————————

राजधानी पटना मे कोविडक नव मामिला लगातार बढ़ि रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे नओ मरीज मे कोविड संक्रमण के पुष्टि भेल अछि। सिविल सर्जन डॉक्टर अविनाश कुमार सिंह जनौलनि जे जिला मे पैंतालीस लोक सभ मे कोरोना संक्रमण के पुष्टि भऽ चुकल अछि। एहि मे सँ सत्रह गोटे स्वस्थ भऽ कऽ अपन घर जा चुकल छथि। ओ कहलनि जे वर्तमान मे आईजीआईएमएस, पीएमसीएच, एनएमसीएच आ एम्स मे कोरोना के जांच शुरू भऽ गेल अछि। एहि मध्य स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे कोविड जांचक लेल राज्यक सभ जिला अस्पताल आ मेडिकल कॉलेज मे शीघ्रहिं एक लाख जांच किट उपलब्ध कराओल जायत।

———————————————————————

त्याग के पावनि ईद–उल–अजहा अर्थात बकरीद आइ धार्मिक श्रद्धा आ उत्साह के संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर प्रदेश भरि के मस्जिद आ ईदगाह मे विशेष नमाज अदा कयल गेल। बकरीद के अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप

धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक सभ के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे वर्षा के गतिविधि मे कमी अयला सँ एक बेर फेरो उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे वृद्धि दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे अड़तीस दशमलम पांच डिग्री सेल्सियस उच्चतम तापमान के संग बक्सर राज्य के सभ सँ गर्म स्थान रहल। बेसी ठामक तापमान पैंतीस डिग्री सेल्सियस के बराबर पहुंचि गेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन दिनक दरमियान औसत तापमान मे दू डिग्री सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरिक वृद्धि भऽ सकैत अछि। ओतहि आइ पश्चिम चंपारण, किशनगंज आ मुंगेर जिला मे किछु ठाम हल्का वर्षा हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक नरहिया–नवटोल के लऽगऽ पटना सँ सिलीगुड़ी जा रहल एक बस अनियंत्रित भऽकऽ डिवाईडर सँ टकरा गेल। एहि हादसा मे एक यात्री के मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि चारि आन गोटा गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह।

खगड़िया समाहरणालय के लऽग सँ पुलिस, एसटीएफ आ डीआईयू के टीम कुख्यात अपराधी विपुल यादव के हथियारक संग गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। यादव पर विभिन्न थाना मे बारह मामिला दर्ज अछि।

———————————————————————————

समाप्त